

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1.Désain Panalungtikan


Désain panalungtikan nyaéta rencana atawa rarancang nu dijieun ku panalungtik, nu jadi dasar kagiatan nu rék dilaksanakeun (Arikunto, 2006, kc.90).

Ieu désain panalungtikan téh nyoko kana rarancang dina ngayakeun panalungtikan. Maksud jeung tujuanna nyaéta ngasupkeun watésan-watésan panalungtikan tina kanyataan. Ieu désain panalungtikan mangrupa hiji acuan pikeun urang Sunda dina ngalaksanakeun panalungtikan anu ditalungtik. Biasana eusina ngeunaan hal-hal naon waé anu kudu dilaksanakeun jeung teu dilaksanakeun sarta léngkah-léngkah dina ngayakeun panalungtikan. Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif maké metodé déskriptif. Anu didéskripsikeunnana nyaéta unsur serepan dina karangan paguneman siswa.

Nurutkeun Arikunto (2006, kc. 22-23) désain panalungtikan disusun dina léngkah-léngkah: 1) nangtukeun masalah, 2) studi pendahuluan, 3) ngawatésan jeung ngarumuskeun masalah, 4) ngagunakeun anggapan dasar, 5) nangtukeun sumber data, 6) nangtukeun jeung nyusun instrumén, 7) ngumpulkeun data, 8) nganalisis data, 9) nyieun kacindekan, jeung 10) nyusun laporan

Luyu jeung pamarekan panalungtikan nu digunakeun nyaéta pamarekan kualitatif sarta metodé déskriptif nu dipaké, désain ieu panalungtikan dipandangkeun dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1
Désain Panalungtikan



3.2.Sumber Data

Data nyaéta sumber informasi anu bakal disortir minangka bahan analisis (Siswantoro, 2010, kc.70). Data panalungtikan dijaring tina sumber data. Ieu

sumber data dina panalungtikan téh nyaéta ti ma'na asalna subjék data ditalungtik. Jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa SMP Negeri 6 Bandung kelas VII, sedengkeun data panalungtikan nyaéta kecap serepan anu aya dina karangan paguneman siswa kelas VII SMP Negeri 6 Bandung.

3.3. Ngumpulkeun Data

3.3.1. Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikan leuwih gampang, hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih lengkep jeung sistematis (Arikunto, 2006, kc. 160).

Dina ieu panalungtikan digunakeun dina instrumen, nyaéta (1) lembaran soal tés jeung (2) kartu data.

a. Lembaran soal tés

Lembaran soal tés nu dipaké, nyaéta soal tés nulis karangan paguneman. Ieu lembaran tés téh dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nu mangrupa karangan paguneman anu engkéna dijadikeun sumber data pikeun ngajaring unsur serepan dina basa Sunda.

Soal tés nyusun paguneman téh témana bebas, hartina siswa bisa milih téma naon waé. Di handap ieu aya conto format soal tés nulis:

Soal tés!

Pék jieun hiji karangan paguneman dipigawe di imah. Téma karangan pagunemanana bebas!

b. Kartu data

Instrumen panalungtikan data nu kadua nyaéta kartu data. Ieu instrumen digunakeun pikeun ngumpulkeun unsur serepan tina karangan paguneman siswa. Dina kartu data bakal kapanggih aya informasi ngeunaan sababaraha hal, nyaéta (1) alpabet, (2) data kecap serepan (3) identitas data saperti nomer karangan jeung kalimah, (4) aspek unsur serepan.

Conto kartu data diébréhkeun ieu di handap.

A	
Abdi	(KP 03/K06,09,11)
Analisis:	
a. Asal serepan	: Basa Arab
b. Wangun kecap	: Kecap Salancar
c. Warna kecap	: Kecap Barang
d. Harti	: Jalma kahiji tunggal

3.3.2. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik tés. Tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina karangan paguneman siswa. Éta karangan paguneman siswa téh dijadikeun sumber data unsur serepan basa Sunda. Ari léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nyaéta:

- a) Nyiapkeun soal tés;
- b) Ngabagikeun soal tés ka siswa sangkan nyieun karangan paguneman di imah;
- c) Ngumpulkeun karangan paguneman anu dipigawé di imah;

3.4. Téhnik Nganalisis Data

Sanggeus datana kumpul, tuluy diolah. Ari ngolah datana maké téhnik analisis unsur data langsung. Hartina data nu dianalisis téh nyaéta unsur-unsur langsung nu ngawangun unsur serepan. Léngkah-léngkah ngolah datana saperti ieu di handap:

- a) Maca sagemblengna karangan paguneman anu geus dijieun ku siswa;
- b) Nganomeran data karangan paguneman;
- c) Nyirian kecap serepan anu aya dina karangan siswa;
- d) Nyalin unsur serepan kana katu data;
- e) Ngadaftarkeun sakabéh kecap serepan anu geus kapanggih tuluy disusun sacara alfabetis, bari dibéré nomer kode;

- f) Nyusun papasingan data kecap serepan dumasar kana asalna, wangun, warna, jeung hartina;
- g) Ngalalisis unsur serepan;
- h) Ngadéskripsikeun jeung nganalisis kecap serepan anu geus di susun tadi; jeung
- i) Nyieun kacindekan.